

# Pwoteksyon benefis retrèt epi medikal apre yon pèt anplwa

Pèt anplwa oubyen diminisyon nan orè travay kapab okazyone pèt nan benefis retrèt epi medikal. Sepandan, lalwa federal gendwa ede pwoteje benefis anplwaye yo (epi fanmi pa yo a) lè gen chanjman nan anplwa anplwaye yo. Chwa nan kouvèti ap depann sou diferan faktè, kidonk li yon bon lide pou w konpare chwa ou genyen yo anvan w chwazi yon plan.

## Ou ka enskri nan plan medikal yon lòt anplwa travay

Si w pa kalifye pou kouvèti swen medikal ou a ankò lè w chanje konpayi travay, men gen kouvèti medikal nan lòt gwoup ki disponib (pa egzanp, nan plan asirans travay epou(z) ou), reflechi pou w enskri nan plan sa a apati « enskripsyon espesyal ». Dapre Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA), enskripsyon espesyal pèmèt ni oumenm ni fanmi w enskri nan yon plan kote ou ta otreman elijib kèlkeswa peryòd enskripsyon lib la. Pou w kalifye, se pou w mande pou yon enskripsyon espesyal sou 30 jou apre w pèdi kouvèti asirans ou te gen anvan an. Kouvèti asirans ou an dwe efektif opita premye jou nan premye mwa ki suiv demann pou enskripsyon ou fè a.

Si w enskri nan yon kouvèti plan medikaman an gwoup nan travay (tankou enskripsyon pa kapab refize kouvri tretman pou maladi ou te gen depi anvan ou antre nan asirans lan.

## Ou ka kontinye avèk ansyen plan medikal ou a

Consolidated Omnibus Budget Reconciliation Act (COBRA) ka ede ansyen anplwaye ansanm ak fanmi yo kontinye gen tanporèman kouvèti medikal nan ansyen konpayi travay la. Ou gendwa kalifye pou kouvèti COBRA si :

- Travay la revoke w, ou kite travay ou a, oubyen si orè travay ou yo te diminye ;
- Travay la pa t revoke w pou move konpòtman ;
- Travay la te gen 20 oubyen plis anplwaye ;
- Ou te yon patisipan nan plan medikal an gwoup travay la ; epi
- Travay la kontinye gen yon plan medikal.

Infwa ou pa travay ankò, se pou plan an ba w yon lèt alekri ki eksplike tout dwa ou gen nan COBRA. Ou gen 60 jou apre dat lèt la oubyen apre dat kouvèti a kanpe - kenenpòt sa ki rive an dènye a - pou w enskri nan kouvèti COBRA. Li kòmanse jou kouvèti swen medikal ou a kanpe epi kontinye pou jouk 18 mwa apre (e pafwa li gendwa pou plis tan toujou). Sepandan, plan an gendwa oblije w peye pou tout to montan prim gwoup la, plis 2 pousan frè administratif. (Pou enfòmasyon siplemantè sou COBRA, fè demann pou dokiman gratis *An Employee's Guide to health Benefits Under COBRA* a ki nan lyen elektwonik oubyen nimewo telefòn ki make sou do kat sa a.

## Ou ka enskri nan kouvèti endividyèl

Lòt chwa ou genyen se acha kouvèti asirans endividyèl nan Health Insurance Marketplace la. Marketplace (Obamacare) kite w wè tout chwa plan medikal yo ofri nan zòn kote w abite a. Ou gendwa kalifye pou yon kredi taks k ap tousuit diminye montan prim asirans lan chak mwa. Ou kapab wè prim ou, dediktib ou yo, ak frè w ap peye oumenm avan w deside enskri. Ou gendwa kalifye tou pou yon opòtinite espesyal pou enskripsyon nan kouvèti Marketplace. Pou enfòmasyon siplemantè, gade nan **HealthCare.gov**.

## Pwoteje benefis retrèt ou yo

Si w pèdi travay ou, mande administratè plan ou genyen an pou l ba w yon kopi Deskripsyon somè plan an (Summary Plan Descriptions - SPD) epi yon atestasyon sou benefis endividyèl yo. Deskripsyon somè plan an ap di w ki benefis plan an bay, ki lè w ka resewa yo, epi, si w gen yon 401(k), swake plan ou genyen an pèmèt pou ou woule li swa nan yon lòt plan nan yon lòt travay oswa nan yon IRA. Atestasyon benefis endividyèl la kite w siveye bilan kont ou an. Mete l ansanm avèk tout dokiman enpòtan ou yo. Lèfini, atestasyon sou benefis endividyèl la distribye regilyèman pou asire ou kite administratè plan ou an konnen depi w gen chanjman nan adrès ou. (Pou w jwenn enfòmasyon siplemantè sou pwoteksyon benefis retrèt ou yo, sèvi avèk lyen elektwonik oubyen nimewo telefòn ki annapre a pou w kòmande yon papyè gratis *What You Should Know About Your Retirement Plan.*)

## Jwenn fè reyèl NOUNYEYA LA

Kominike avèk EBSA si w gen kesyon sou dwa ak responsablite ou yo dapre HIPAA, COBRA, Affordable Care Act, epi Employee Retirement Income Security Act.

Pou enfòmasyon siplemantè sou asirans medikal ki disponib nan Health Insurance Marketplace, gade nan **HealthCare.gov**.



**Administrasyon sekirite benefis anlwaye yo**  
U.S. Department of Labor

Kòmande dokimantasyon, poze kesyon, mande pou asistans nan men yon konseye sou benefis, oubyen mande pou materyèl ki aksesib pou moun andikape :

Sit entènèt prensipal: **dol.gov/agencies/ebsa**  
Ask EBSA: **askebsa.dol.gov**

Apèl gratis: **1-866-444-3272**  
TRS: **711**

juin 2022